ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№204 (22.362) • 2012 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 18, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ • adygheyna1.ru adygheale.ru

Хэхъуэм кІэрыхуами...

КъБР-м Финансхэмкіэ и министерствэм кьишьтэжащ республикэм и бюджетым и хэхъуэр нэхъыбэу кьиззыгъэнэщ предприятэхэм 2012 гъэм и яныз мазиём ирагъэкІуэкІа дзжьыгъэм кьрикІуахэр. Абы кьиззыригъэльэгъуамкІэ, республикэм и предприятэ нэхъ инхэм бюджетым халъхьэ ахьшэр сом мелуан 74,6-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ. Ар блэкІа ильэсым и анхуэдэ зэманым ельытауэ зэрыхъур процент 96,7-щ.

АБЫ и щхьэусыгъуэр нэгъабэ псори зэхэту бюджетым сом мелуани 105-рэ кьыхэзыльхьазу «Астра» ООО-мрэ «Главспирт» ООО-мрэ дьзэрыт ильэсым налогхэр кьиззрамытарц. Апхуэдэу псори зэхэту сом мелуан 550-кІэ нэхъ мащІэщ «Энергетикэ системэ» зэгуэтым и федеральнэ компание» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и кьудамэ «Прохладнэ» электросеть комплексым, «Урысейм и ХъумапІэ банк» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам, «Мегафон» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам, «Нарткъалэ» щагъыр завод ООО-м, «Бум-Банк» ООО-м, «Кавказкабель» кабель заводэ» акционер зэгухьэныгъэ зэхэущІам, «Велес» ООО-м, «Русгидро» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам мы гъэм бюджетым кьыхалхьаР.

Абы кьыдэкІуэу къэгъэльэгъуапхъэщ «Минерал плюс» ООО-м, «Къэбалькъгаз» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам, «Агро» ООО-м, «Энергетикэмрэ электрофикацэмрэ» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам, КъБР-м щыІэ МВД-м, «Лукойл щІыдагъэ продукт» Іуэхущ1апІэм, «Вега» Нарткъалэ ерыскы комбинат» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам, «Альянс» фадэ кьыщІэзыгъэкІ завод ООО-м республикэм и бюджетым кьыхалхьа ахьшэр нэхъыбэ зэрыхъуар. Абыхэм я фЫщІэкІэ КъБР-м и бюджетым кьыбгъэдэхэу социальнэ кьалэнхэр и зэманым гъэзэщІа хъуащ. Къаштэмэ, мази 8-м кьриубыдэу улахуэу сом мелуани 2-рэ мелуани 129,4-рэ, социальнэ дэІэпыкъуныгъэ зэмылІэужьыгъуэу сом І мелардрэ мелуан 70,8-рэ яташ, бюджет зэхуаку трансферту щІыпІэ унафэр зезыгъаКІуэ органэм сом меларди 4-рэ мелуани 143,3-рэ хуахащ.

КъБР-м ЩІыхуб1 хъыбаргъащІэ Іуэхущ1апІэхэмкІэ и къэралкомитетым и пресс-Іэнатіэ.

● АПК

Щэкіуэгъуэм икухэм яухынущ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и губгъуэхэм бжьыхьэсэм щоужьэрэкІ. Мы гъэм абы гектар мин 90-м нэблагъэ хухахынущ. Ар нэгъабэрейм нэхьрэ проценти 4 - 5-кІэ нэхъыбэщ.

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 15-м ирихьэлІэу хьэсэхэм я процент 38-м а лэжьыгъэр щызэфІагъэкІащ. Бжьыхьэсэ гуэдзым и жьыпэр гектар мин 19,5-м, хьэр гектар мини 10-м щІигъум хагъэзэгъащ.

Дунейр зэрыуэфІыр кьагъэсэбэпу, нэгъабэ нэхьрэ зы тхьэмахуэ хуэдизкІэ ипэ иту сэныр ирагъэкІыжащ. Махуэхэр уэфІу кьайхьулІэмэ, щэкІуэгъуэм икухэм бжьыхьэсэр яухынущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Промышленность

Дунейпсо утыкум йохьэ

Бжьыгъэ мардэм тет иджырей рентген пкъыгъуэхэр кьышІэрэгъэкІыным екъэлІауэ «Севкаррентген-Д» ООО-м игъэхьэзыра инвестицэ проектыр ящыщщ къэралым и шэсыпІэ кьыІэрыхьэн папщІэ япэу ягъэлъэгъуахэм.

МЫ Іуэхущ1апІэм и эгъэІэкІэхэр утыку ихьэнмкІэ мыхьэнэ ин иІащ иджыблагъэ Сочэ щекІуэкІа, инвестицэхэмкІэ дунейпсо зэхьихьэм. Урысейм и щІыналъэ псоми икІа ЛыкІуэхэр зыхэта форумым гулъытэ ин щигъуэтащ «динамическэ детектор»-кІэ лажьэ «Хьэрш» рентген Іэмэпсымэщ1эм. УФ-м и адрей щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэм «Севкаррентген-Д»-м игъэхьэзыр пкъыгъуэхэм я презентацэ езыхэм я деж щрагъэкІуэкІыну икІи а аппарат телъыджэр я медицинэ Іуэхущ1апІэхэм щагъэунэхуну зэгурыІуахэщ.

Заводым иджы игъэхьэзыра Іэмэпсымэ нэхъыфІхэм ящыщщ «Диаком», «Хьэрш», «Диамант» техникогиехэр. Ахэр псори цІыхум и узыншагъэм зыкІи зэран хуэзымыхьун хуэдэу гъэмэщІа рентген щапхъэм тету лажьэнчэщ. Апхуэдэу рентгенографиемрэ рентгеноскопиемрэ кьэхухтэныгъэхэм ехьэлІауэ мыбыхэм яІэ зэфІэкІри инщ.

ЛЪОСТЭН Муэ.

● Хэхынытъэхэр

Курданов Узеир я дзыхь ирагъэз

Іуащхьэмахуэ районым хьыхь Эльбрус кьуажэм и унафэщІыр зыхьыным теухуауэ жэпуэгъуэм и 14-м екІуэкІа Іэлэтым цыху минрэ щитхум нэблагъэ хэтащ. Ар апхуэдэ хуитныгъэ яІэу жьылэм щыпсэухэм я процент 56-рэ мэхъу.

ХЭХЫНЫГЪЭХЭМ щызэпеуащ щІыпІэ самоуправленэм и Іэтащхьэм и кьулыкъым хущІэкъун папщІэ зыкъэзыгъэлъэгъуахэу «РусГидро» ОАО-м и производствэ участкэм и унафэщІ **Гулиев Расул**, Эльбрус поселкэм и администрацэм и лэжьакІуэ **Гулиев Хьызыр**, «Іуащхьэмахуэ» пансионатым и унафэщІым и кьудэдэ **Согаев Магомед**, «Модуль МАМ» ООО-м и директор **Апсуваев Уэсмэн**, Эльбрус поселкэм и администрацэм и тхьэмадэ **Курданов Узеир** сымэ. Эльбрус, Терскол, Нейтринэ кьуажэхэм я хэхэпІэ участкэхэм Іэ щызыІэтахэми, куейм и хэхакІуэ комиссэм и унафэщІ **Джаппуев Даниял** кьагъэльэгъуащ хэхынигъэхэр хуиту, зэІубэу, зэІухауэ зэрекІуэкІар.

- Іэ щаІэтми, иужьыкІи кІэлыпІакІуэхэм, кандидатхэм я дзыхь зрагъэзахэм е хэхакІуэхэм кьабгъэдэкІыу тхьэусыхафэ кьытІэрыхьакъым, - кьыхигъэщащ Джаппуевым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым-рэ Іуащхьэмахуэ районым-рэ я хэхакІуэ комиссэхэм я лъэІукІэ, ЦИК-м и лІыкІуэ **Быков Вячеславрэ** республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэ **Евтушенко Сергейрэ** Іэлэтыр зэрекІуэкІым кІэлъыплъащ. Апхуэдэу куейм и щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм щыщхэри хэхэпІэ участкэхэм щыІащ.

Іэлэтым Курданов Узеир щытекІуащ. Хэхакіуэхэм я процент 47-м абы дзыхь ирагъэзащ. Процент 31-м Согаев Магомед, процент 17-м Гулиев Расул, проценти 2-м Апсуваев Уэсмэн, процент 0,86-м Гулиев Хьызыр щыІэ я тельхьэу Іэ яІэтащ.

ТАРИМ Алисэ.

Гу зылъытапхъэ

ІУЛЪХЪЭ зэрызэІэпахым, коррупцэм пщІа Іуэхухэр зэралажьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теуха хьыбархэм фыщыгъуаз эмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и деж щыІэ **8 (8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкІэ.

Налшык дэт «Синдика» хьэщІэщым щекІуэкІащ лъатэ, кІэтІий узэкъм ёІэзэным теухуа щІэныгъэ конференц.

АР кьиззрагъэпэщащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал университетым, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округымрэ Ипщэ федеральнэ округымрэ я дохутыр-гастроэнтерологхэм я щІыналъэ зэхуаку жьлагъуэ зэгухьэныгъэм.

Ар лъатэ, кІэтІий узыфэхэр гъэхъужьыным елэжь дохутырхэм ди деж щрагъэкІуэкІ ялэ зэІуцІэкъым. Конференцым хэтхэм я пащхьэ кьыщыщыпсалъэм, КъБР-м узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и министрым и къуэдзэ Іумэт Мурат кьыхигъэщхьэхуэкІащ апхуэдэу дохутырхэр щІэх-щІэхьыуэ зэрызэхуэзэр мы Іэщ1агъэм ирилажьэхэм я дежкІэ икьукІэ сэбэп зэрыхъур, апхуэдэу Урысейм Ипщэм узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и Іэнатіэм нэрылъагъуу зэрызэригъэжьыр.

Конференцыр ириГъэлуэхІащ Ставрополь краймрэ Урысейм Іэщ1агъэм хъумэныжьмкІэ и министерствэм штатым хэмыт и гастроэнтеролог нэхъыщхьэ, профессор, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор Пасечников Виктор. Ди республикэм щыщу конференцым доклад щищІащ Налшык дэт клиникэ сымаджэщым и гастроэнтерологие кьудамэм и дохутыр Борыкуэй Лацэ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Урысей Ипщэм и дохутырхэм я зэІущІэшхуэ

Аруан районым щыщу сымаджэщым щІэхуэхэм я узыншагъэр зэтоувэж

Аруан районым и сату Іуэхущ1апІэхэм щаща пирожнэ яшхыу сымаджэ хьуа щІыху 30 (абыхэм сабийуэ 11 яхэту) иджыри Къэбэрдей-Балъкъэрым и стационар сымаджэщхэм щІэтщ. Абыхэм узытегуэшыжьыным яхэтхъым. Зы сабийр иджыри тІэкІу пльыржьэрэ, ауэ абы къигъэзащ.

ШХЫНЫМ сымаджэ ищІа ялэ щІыхуэр Аруан районым сымаджэщым жэпуэгъуэм и 10-м кьащІащ. Зы тхьэмахуэм кьриубыдэу абыхэм я бжьигъэр 40-м нэсащ. А зэманм дыдэм Налшык кьаІэм уз зэрыщІалэхэм щІэзэ и сымаджэщым Нарткъалэ щыщу щІыхуэр 5 щІагъэгъуэтхъащ. Сымаджэ хьуа псоми зэрыжаІамкІэ, абыхэм яшхащ Нарткъалэ, Псыгуэнсу, Шэрдэж Ищхьэрэ, Кьэхъун дэт тыкуэнхэм кьыщащэхуа пирожнэ. Сымаджэхэм ящыщу нэхъыщІэ дыдэр мази 7, нэхъыжьыр илъэс 51-рэ мэхъу.

КъБР-м узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ КІэнщалий Анатолэ и унафэкІэ, сымаджэщ псоми щыІэ щытыкІэр министерствэм и Іэщ1агъэхьэм щапщытыкащ. Сымаджэхэм зыхуэкІуэжьыгъэхэр псори ираухьэлІэ.

Вэсэмахуэ сымаджэщым щІыхуэр 7, дыгъуасэ щІыхуэр 3 кьыщІагъэкІыжащ, я узыншагъэр зэтеувэжауэ кьалъытэри. Аруан район сымаджэщми нобэ-пщэдей сабий 6 кьыщІатхьакІыжьынущ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Дзэлыкъуэ куей

Бжьыхьэ лэжьыгъэхэм йопІэщІэкІ

Дзэлыкъуэ куейм мы гъэм сэхурану хиса гектар мини 2-м нэблагъэр кІэрыхуншэу кьрихьэлІэжащ. Абы кьыкІэрымыхуу силосыпхъэ нартыхурэ кьахауэ мащхэм ирагъэзагъэ.

РАЙОНЫМ и мэкъумэщІэхэм зэи кьэмыхьауэу нартыху жьыпхъэ бэв мы гъэм кьахуэхуэщ. Кьашэтэмэ, СХПК-хэмэ бэджэндырылажьэхэми зэхэту яІэр гектар мин 13,5-м нос. Абы щыщу мы зэманым ирихьэлІэу Іуахыжьыну зыхунэсар гектар мини 2-м нэблагъэщ. Ауэ щыхьукІэ бжьыхьэсэрэ кьакІэщІоэрыхь. Ар щрагъэжьІуэкІыну щІыр яваш, ягъэщІэжащ, щыгъэпщэрэхмкІи елэжьыжащ. ГъавэгъэкІэм зэрыжаІэмкІэ, бжьыхьэсэм щы нэхъыбэ хухахыну я мурадщ.

Іэзэнкъуэ щІыналъэр сыт щыгъуи кІэртІофкІэ кьулейщ. Ар нэхъыбэу кьэзыгъэкІ уней хозяйствэхэм гектар мини 2-м нэс Іуахыжащ. Мэкъумэщфермер хозяйствэхэмрэ СХПК-хэмрэ зэхэту ящащ гектар мини 3,5-рэ. Иджыпсту абы щыщу кьахуэнэжар епІэщІэкІыу кьатІыж.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● Дунейм щыхъыбархэр

Дунейм щыхъыбархэр

Илъэс пІыщІыр куэдыІуэу кьелытэ

УФ-м и Президент Путин Владимир арэзы техьуакъым щыхум пенсэ хуагъэувын щхьэкІэ ар илъэс 40-кІэ дзжьауэ щыщым хуейуэ кьыхалхьаям. А бжьыгъэр, я нэхъ мащІэрамэ, илъэс 35-м нэсу кьрагъэхьан хуейуэ къэралым и унафэщІым яхунгъуэващ пенсэм теухуа хабзэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным елэжьхэм.

УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и кьудэдэ Голодец Ольгэ Путиным щыІущІам и гугъу ищІащ пенсэ нэхъыбэ дыдэ щІыхум хуагъэувын щхьэкІэ, абы илъэс 40 стаж нІэн зэрыхуейм.

«Къапщтэмэ, илъэс тІощІ щрикъум деж ныбжьыщІэм еджапІэ нэхъыщхьэр кьиуэхырыкъым. Абы и ужькІэ щІыхур илъэс 40-кІэ ЕнатІэ пэрытын хуейуэ хуэбгъэувыным кьыкІыр ар пенсэ щыкІуэну ныбжьми зэгъэхъуэнырщ», - жиІащ къэралым и унафэщІым икІи а хабзэм иджыри зэ хэпльэжьын хуейуэ пщэрыльящищащ.

Зэрызыдгъэпсэхуну щыкІэр

УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий Іэ щІидзащ «2013 гъэм и зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм я Іуэхуку» унафэм.

ЦІыхухэм я лэжьэгъуэ зэманымрэ зыгъэпсэхугъуэмрэ зэпхьытатуэ къэгъэсэбэпын мурадкІэ, щІымахуэм щыщ зыгъэпсэхугъуэ махуэ зыбжанэ гъатхэм ягъэІэпхьащ. Апхуэдэу, 2013 гъэм и щІышылэм и 5, 6 махуэхэр щІэбгъыпмрэ тхьэмахуэмрэ зэрытехуэм кьыхэкІыу, ахэр накьыгъэм и 2, 3 махуэхэм ягъэІэпхьэщ. Абы нэмыщІ, мазаем и 23 щэбэт махуэр накьыгъэм и 10-м ягъэІэпхьэщ.

Нэхъ зэхэхауэ кьэбгъэльагъуэмэ, щІымахуэ зыгъэпсэхугъуэ дзызыхуэкІуэхэр махуищкІкІэ екІуэкІынущ - дызэрыт илъэсым и дыгъэгьазэм и 30-м кьыщыщІэдзауэ 2013 гъэм и щІышылэм и 8-р кьыхьубыдэу. Илъэс кьакІуэ накьыгъэм и 1 - 5-хэми, я 9 - 12-хэми цІыхухэм загъэпсэхуну.

Хэт текІуэнур?

США-м щэкІуэгъуэм и 6-м щекІуэкІыну президент хэхьыныгъэхэм щытекІуну хуейуэ зэпэщІэт Обамэ Барракрэ Ромни Миттрэ ядэкъ етІанэу зэдзэуащ. ЗэІущІэр щекІуэкІащ Нью-Йорк пэмыжьжь Хэмистед кьалэм дэт университетым.

Америкэ телекомпаниехэр цІыхухэм зэрахэзыщІыкъым кьыхьыгъэльэгъуамкІэ, а щІыхьэщхьэм нэхъыбапІэр зи телъхьэ хъуар Обамэщ. Абы хэхакІуэхэр кьиузэригъэгъуэхэр нэхъ я фІэщ хьуам и закъуэкъым, атІэ и утыку итыкІари, нэхъ ткІийуэ зэрыпсэльари ягу ирихьащ телевизорепльэхэм. Пэжщ, ІэщІагъэлІхэм кьиузэралытытэмкІэ, телездауэхэм ущытекІуэным кьикІыркъым хэхьныгъэм бжьыпэр щыбубыдыну икІи демократ Обами республиканец Ромни зэхуэдэ Іэмалхэр яІэщ США-м и президент хъуну.

КандидатитІым я мурадхэр телевизорепльэхэм кІэуэху хуАІуэтэнущ жэпуэгъуэм и 22-м.

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 18, *махуэку*

t 1967 гъэм «Венера» совет зыбжанэ гъатхэм ягъэІэпхьащ. Апхуэдэу, 2013 гъэм и щІышылэм и 5, 6 махуэхэр щІэбгъыпмрэ тхьэмахуэмрэ зэрытехуэм кьыхэкІыу, ахэр накьыгъэм и 2, 3 махуэхэм ягъэІэпхьэщ. Абы нэмыщІ, мазаем и 23 щэбэт махуэр накьыгъэм и 10-м ягъэІэпхьэщ.

Нэхъ зэхэхауэ кьэбгъэльагъуэмэ, щІымахуэ зыгъэпсэхугъуэ дзызыхуэкІуэхэр махуищкІкІэ екІуэкІынущ - дызэрыт илъэсым и дыгъэгьазэм и 30-м кьыщыщІэдзауэ 2013 гъэм и щІышылэм и 8-р кьыхьубыдэу. Илъэс кьакІуэ накьыгъэм и 1 - 5-хэми, я 9 - 12-хэми цІыхухэм загъэпсэхуну.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым кьиузэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 19, жэщым - 12 - 13 хъунущ.

Жэпуэгъуэм и 19, *мэрем*

t 1097 гъэм Мономах Владимир Урысейр щыпсГыуэкІэрэ гуэщыныр кьигупсысащ.

t 1985 гъэм Мэлбахъуэ Тимборэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретарь кьулыкъым текІащ.

t 1875 гъэм кьалъхуащ генерал-лейтенант, Урысеим и дзэхэщэ адыгэлІ **Уэлгъэй Сергей.**

t Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Лыбекъуэ Алексей** 1955 гъэм кьалъхуащ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым кьиузэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, щэдакъуэу нэужьым ущух мащІэ кьеІэхыну хуагъэфащэ. Хуабэр махуэм градус 14 - 18, жэщым - 12 - 14 хъунущ.

ПІэлъапІэр зыгъэхьэзырар ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Мариэм.

Лъэпкъ Іуащыгъэ:

Къуаргъэр пэт, и шырым «хужь щІыкІукІэ» йоджэ.

● Пшыхьэр

Дахэт, гукъинэжт

«Налшык Кавказ Ищхьэрэм и щэнхабзэ къалащхьэщ» проектым хыхьэу жэпуэгъуэм и 12-м Налшык къалэ щыІащ Молдавие Республикэм лъэпкъ къафэмкІэ и къэрал академическэ ансамбль «Жок»-р. Абы концерт щитащ Профсоюзхэм щэнхабзэмкІэ я унэм.

«ЖУРНАЛИСТХЭМ папщІэ тІысыпІэ щхьэхуэхэр щыІэнущ», - кьыджаІами, концертыр щекІуэкІыну пэшым апхуэдизкІэ цІыхур щІэз хъуати, Элинэрэ *(ди суэттехьэ)* сэрэ тІысыпитІ кьэдгъуэтри детІысэхащ.

Пшыхьэр кьиузэІунхащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Фырэ Руслан.

- Щэнхабзэм и пщІэр иЭту кьэгъуэгурыкІуэ гуп цІэрыІуэр нобэ кьызэрыт хуеблэгъэр ди гуапэщ. «Жок»-р хэтащ дунейпсо фестиваль куэдым, щІыхь тхьилъхэр, медалхэр мыхэмытІэу кьиухуагъэфэщащ. Абы къегъэкъагъуэ ансамблым щІэупщІэ зэриІэр. Ансамблым концерт щитащ Румынием, Чехием, Франджым, Бельгием, Италием, Болгарием, Австрием, Мысырым, нэгъуэщІ щІыпІэ куэдми. Дуней псом щэнхабзэм зыщиужьыным хуищІ хэпльэжьыгъэм папщІэ мы гупым кьыдэлэжьащ щытхъуэр къелэжь, - жиІащ Фырэм.

АдэкІэ утыкум кьихьа щІалэзгъуалэм псысэ дахэм дыхащащ. Фащэ хьалэмэтэхэр зыщыгъ щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ екІуу я лъэпкъ къафэкІэр зэрагъэлъагъуэм гухэхъуэгъуэ кьыдимыгъу къэнахьым. Ахэр жант икІи я къафэр я гум кьиузэрыбгъэдэкІым гу лъыптэрт. КъафакІуэхэм я щІыбагъым кьыдэт оркестрыр-щэ?!

Пшыхьэр зэрыщІидзэрэ зэман кьэдгъэкІащ. Адыгэ щІалэмэ, «Бра-во!», «Мо-лод-цы!» псалъэхэр пэшым кьыщыІуртт, Іэгуаугъэхэу хуаІэтыртт. Ансамблым хэт хъыджэбзхэр зэм «хьэндрабгъуэ лъэтэным хуэдэт», зэм абыхэм «толъкъун» уи нэгум кьыщІагъуэурт. ЖьыпІэнурамэ, театр теплъэгъуэ кІэщІ дагъэльэгъуами ярейщ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Суэтехэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Дунейпсо къэралыгъэхэм

НэхъыфІыр Адыгэйм къыщыхах

АДЫГЕЙ. ***Жэпуэгъуэм и 8-м щыщІэдзауэ щэкІуэгъуэм и 28 пщІондэ щІыналъэм щекІуэкІынущ «Адыгэй - туризмэм и налкъут-2012» туриндустрием и Іуэхущ1апІэхэм я IV республикэ гъэлъэгъуэныгъэ зэпеуэ.***

АДЫГЕЙМ Туризмэмрэ курортхэмкІэ и комитетым кьиузэритамкІэ, зэпеуэр зыхуэунэтІар а Іэнатіэм и Іуэхущ1апІэ, а унэтІныгъэмкІэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэ нэхъыфІхэр кьыхэхьныщ, ахэр гъэпэжныщ.

Къуажэхэм зауэжьным - гулъытэ щхьэхуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Мэкъумэш хозяйствэм, къуажэ инфраструктурэм зегъэужьыным республикэм гулъытэ щхьэхуэ щыхуащІ.***

КъШР-м и Іэтащхьэ Темрезов Рашид «Къуажэ мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскы-пхъэмрэ зегъэужьын» 2013 - 2015 гъэхэм ятещІыхьа къэрал программэм абыхэм ятеуэуа унэтІныгъэ псори кьиузэрыщІигъэльэгъуар кьыхихгъэщащ, «Бжьыхьэ дыщафэ» урысейпсо агропромышленнэ гъэлъэгъуэныгъэм Абхъазым Гран-при саугъэтыр кьыщыхуагъэфэщащ. ***Абы хэтащ къэрал 35-м я предприятэ, Іуэхущ1апІэ мини 2,5-м щІигъуэ Урысей Федерацэм и щІыналъэ 62-мрэ я пІыкІуэхэр.***

РЕСПУБЛИКЭР иджы ялэу хэтауэ араща мыхьэнэшхуэ зиІэ апхуэдэ Іуэхугъуэм. КьызэгъэпэщакІуэхэм кьиузэралъытэмкІэ, а ехьулІэныгъэр и щыхьэтщ къэралым и экономикэм зэрызиужьыжьым. Гран-прим кьыдэкІуэу «Дыщэ щхьэмыж» саугъэт щхьэхуэри кьыхухагъэфэщащ Абхъазым.

Мэкъумэш хозяйствэм и лэжьакІуэхэм я махуэм и щІыкІэ Кремль уардзунэм щрагъэкІуэкІа гуфІэгъуэ зэхьихьэм ирагъэблагъэхэм Абхъазым и лІыкІуэхэри яхэтащ икІи Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир абыхэм я ехьулІэныгъэмкІэ ехьэхъуащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Гран-при саугъэтыр Абхъазым къэхъ

АБХЪАЗ. ***Мэзкъу щекІуэкІа «Бжьыхьэ дыщафэ-2012» урысейпсо агропромышленнэ гъэлъэгъуэныгъэм Абхъазым Гран-при саугъэтыр кьыщыхуагъэфэщащ. Абы хэтащ къэрал 35-м я предприятэ, Іуэхущ1апІэ мини 2,5-м щІигъуэ Урысей Федерацэм и щІыналъэ 62-мрэ я пІыкІуэхэр.***

Эко но м и кэ

По ли т и кэ

Мах у э ку

Кавказ Иц х ъ р э

Жы лагъ у э

ПУТИН Владимир: «Дэ акуэдизу дыкъуейкым, щIыр кIэдмыкIыхьэбэныкIуэдэу»

Октябрь революцэр илъэс 95-рэ щрикъум ирихьэлIэу, Президентым мурад ищIащ большевикхэм эгъуэр кьалэтэу щытыр Iэхъу нэхьыщхьэр зэфIигъэкIыну.

● Мылъку

КЪЭРАЛ Советым щагъэувэ Iэхъур гъэхуат. Ар зыхуэзгъэзар цIыхухэм я сэбэп хэлъу, нэхьыфIу щIыр къэгъэсэбэпынырт. Арщхьэкlэ ар сом мелард нуэр и уасэт. Лъэпсэ яухэм, хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэм зрагъэужьын папщIэ, щIы IыхьэхэР зэрыухэх хабзэ белджькIы зэрыщымыIэр ящыщ Урысейм и экономикэм и зыужьыныгъэр зэтеIыныгъэ нэхъ щхьэусыгъуэзэфIэхуэхэм. ЩIы Iуэхур зэфIэгъэкIынырщ Октябрь революцэм и кхуьхуеджэныгъэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэу щытapи. Пэжщ, Президентым зэкIэ кьигъэувакъым щIыр мэкъумэзыщIэхэм занщIэу иратыжыну. Ауэ абы кьиплъэлъэхэм ар хыбольагъэ.

- ЩIыр экономикэ, псэуныгъэ зыужьыныгъэр зэтезыпхуэ кьару льэщIщ. Абы егъэщIылIа Iуэхугри и кьэралым и дежкIэ сыт щыгъуи хуэдэу, кьэонэж кьалэм гугъу дыдэу, - жиIащ Путин Владимир. - Дэ щIыр фейдэ пылъу кьэдгъэсэбэпыркъым, абы и реформэр екIуэкIащ гугъуехь инхэр пылъу. Щыхуэхэр зэпымыуэу щIы хуэят мэхъу, псэупIэхэр иращIыхьын, хьэрычэтымрэ пэжкIагъэм зыщIэрыгъэжьын папщIэ. Ауэ ахэр зэпымыуэу я ильахъэ Iуэхур хабзэншагъэкIэ гульэф щIыд бюрократхэм. Абы теухуа тхыгъэхэр ди кьэралым и щIыпIэ псоми кьоI.

Президентым зи гугъу щIыщIыр псоми кьагурыIуэрт: щIыр къэзыгъэсэбэпыну хущIэкъу дзытэнэрэ Iууат апхуэдэ гульэфым.

- Хуит хьуа щIыхэм теухуа хьыбархэр щIауфэ. ЩIыхуэхэр факьыр зыхуэхуэфIэ щхьэусыгъуэ мэхъу. Ахэр зыщхьэусыгъуэ щIыр зыми кьридзэркъым. ИльэсищкIэ, нэхъыбэкIэ бэлыхь птелын хуейщ щIы зыIэрыбгъэхэн папщIэ, Араущ, щIыр зыми кьигъэсэбэпыркъым. КьулыкъущIэхэр нэхъуеиншэу зыльэкIыкум зэрыхуэпабгъэм, ахэр зэрыщIхьэзыдфIэфым щIыхуэхэм я жьыджэрагъыр щIах. Араущ, къэралым и экономикэм жагъынкъещтэ. ЩIыхуэхэм щIы IыхьэхэР кьэIыалыхьэм хэлъ льэпощхьэпо псори льэныкъуэ егъэзэн хуейщ.

Президентым кьыхпгъэщхьэхуэкIащ Къэрал Советым кьыщIэтэ Iуэхур яп льэбакъуэ кьудейуэ зэрэщытыр. Мы зэманым Урысейм и экономикэм и щыхьэныгъэ псэупIэ Iуэхур зэфIигъэкIыну Iэмалыфl. Ауэ ар яхуэзэфIэкIынукъым яп щIыкIэ щIым егъэщIылIа кьалэнэкэр зэфIамыхыу.

ЗэIущIэм кьыщыпсэльащ Оренбург областым и губернатор Берг Юрий, Москва областым и Iэтащхьэ Шойгу Сергей, экономикэмкIэ министр Белоусов Андрей. Нэхь мыхьэнэшхуэ зиIэ унэтIыныгъипIкIэ и пэкIэ кIуэтэну зэгурыIуахэщ.

Япэрауэ, щыр зеин хуэфIэ зэхагъэкIынущ, зэIымбзэныгъэм кIэ иратын мурадкIэ.

- Дэ апхуэдизу дыкъулейкъым илъэспущI бегаращхьэ щIыр дгъэхэзулеину, - жиIащ Путин Владимир. - ЩIыр фейдэнщэмэ, ар нэгъуэщхэм, абыхэм муниципалитетэхэр яхэту, едвгъэт. Иужьрейхэр цIыхухэм нэхъ япэрэхьэнгъуэщ: абыхэм нэхъыфIу ящI» унэ щIыбухуэ хьунури, кIэртIофэ бэм кьыщепхьэлIэфыну щыпIэри.

ЕтIуанэрауэ, хьэрычэтыщIэ лэжьакIуэхэм-рэ цIыхухэмрэ щIыр кьыззэрагъэсэбэп хабзэ гурыIуэгъэ зэхалъхьэн хуейщ.

Ещанэрауэ, щы Iыхьэхэм теухуа хьыбархэр пэрыIуэнщэу хэIущIыну ящIын хуейщ. Мы зэманым ахэр щIэуфащи, хьэжьвакъэжьышхэр хотхыжькI.

- Властым и Iэхъущлапэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лэжьакIуэхэмрэ абыхэм «зыкIэрыгъэпщIа» дэлэлхэмрэ апхуэдэ хьыбархэр езыхэм кьызыхуагъэнэжащ, - кьыхпгъэбелджьылыкIащ Президентым, - Мы Iэнатlэр корпурэм иубыдыпащ! Дэ щытыкIэр зэтхъуэжьыкIащ ибы Iэнэщхьэм теухуа хьыбархэм зуэныкъуэ дэтхэнэ щIыхумI Iэмал еттын хуейщ. Ар щэхуу щхьэ щытыпхъэ?

ЕплIанэрауэ, щы Iыхьэхэр уней мылкыу е бэджэнду зэрат хабзэр гъэтэмэмын хуейщ.

СМИРНОВ Дмитрий.
«Комсомольская правда».

● Адыгей

Хэт и кIуейр и къIэфI?

Адыгейм щIалъхьа республикэм къэзрыкIэрагъэщIэ илъэс 21-рэ зэрырикIуэр

1991 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м Краснодар крайм хэт Адыгей автоном областым и хабзэм щIэуэ зэхуэсым инарэ къищтащ ешьм и щIыналъэр щхьэхуэу щытыным теухуауэ. Иужькlэ ар ягъэуващ Республикэм и махуэу.

ЩIэныгъэрщ япэ ирагъэщIыр

ГУФIЭГЪУЭМ ирихьэлIэу Адыгей къэрал университетым и унэщIэу тIу кьызэIуахащ. ЕтIанэгъэ щыщIэдзауэ тхыдэ, экономикэ, юстицэ факультетхэм я студентхэр къатибгъуэ зэтет унэщIэм щеджэнщ. Бизнес-инкубаторым и унэр хухэхащ. Гъэлъэгъуэныгъэхэмрэ аукционхэмрэ. ХьэрычэтыщIэ лэжьыгъэм хыхь ныжьвыщIэхэм мыбы щагъуэтынущ къахуэщIыкъэпэну чэнджэщхэр.

- Зэманым кьытхуегъэувэ дызыхэныкъуэ IэнатIэхэм лэжьыгъэр щыдзэзыгъэкIыдыну Iэщ Iагъэлъэхэр дгъэхэзырыну. Сэ щэч кьытесхьэрхьым мы унэм а лэжьыгъэр тэмэму зэрыщIекIуэкIынум, - жеIэ Адыгейм и Iэтащхьэ Тхьакlушынэ Аслъэнджэрий.

ЩIэныгъэм зэрызратам и Iэужьыр иджьпстуи зыхьыбощIэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, иужьрей илъэсищым щыналъэм и экономикэм сом мелард 70 халъхьащ, 2012 гъэм инвестицэхэр аргуэру сом мелард 19-кIэ нэхъыбэ хъунущ.

Зэдэшхэ Iэфщ

РЕСПУБЛИКЭМ и махуэм къыхуэзрагъэпэща жармыкIэм я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ. ХьэрычэтыщIэ Iуэхущапlэу, щыхуу щхьэхуэу 200-м щигъум. Абы Iэнэм кьыщытрагъэуват щIакхъуэхэр, лыжкIхэр, Iофыкlэхэр, юхуейкэр, фадзэкр, фо зэмылIэужьыгъуэхэр, хадэхэкIэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ.

Псори зэхэту пщIантIибгъу яухуат. Адыгэ кьуейм щIэупщIэшхуэ иIэт.

- Дэ ди дежи гулъытэ ин щыхуащI кхъуей гъэхьэзырыным, - кьыджиIащ республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Петров Юрий. - Илъэс кьэс кхъуей тонн миниохым щIэту дощ. Абыхэм я зэхуэдитIыр адыгэ кхъуейщ. А ерыскъыр Урысейм и щыхьэрми, нэгъуэщI кьалэ куэдми идогъашэ.

Фестивалым хэтахэм кьызэрыхагъэщдмкIэ, адыгэ лъэпкъ 12-м ящыщу дзытэнэми езым и кхъуей гъэхьэзырыкIэ иIэжщ. Хэбгъэзыхьмэ, куей кьэс зэрелэжь Iэмалхэр зэщIэкъым.

ХьэщIэхэм я нэкIэ зрагъэлъэгъуащ адыгэ кхъуейр зэрагъэхьэзыр щыкIэр.

Кузшхьэблэ районым щыщ Псэбыдэ Аслъэнбэч, кIэлъэзыхьмэ, яригъэлъэгъуащ кхъуей хахагъащIэм Iугъуэ зэрыщIрагъэу и Iэмэпсымэр.

Красногвардейскэ куейм и мызакъуэу, куэдыр хущIэкъуащ кхъуейхэм я зэрагъэхьэзыр щыкIэр.

Кузшхьэблэ районым щыщ Псэбыдэ Аслъэнбэч, кIэлъэзыхьмэ, яригъэлъэгъуащ кхъуей хахагъащIэм Iугъуэ зэрыщIрагъэу и Iэмэпсымэр.

Красногвардейскэ куейм и мызакъуэу, куэдыр хущIэкъуащ кхъуейхэм я зэрагъэхьэзыр щыкIэр.

Мейкьуапэ щыщ Iэпщlэльапщlэ Саакян Нелля кхъуей игъэхьэзыращ. Адыгеймэ и Ныпым и теплъэ иIэу, «Шабзищ зэблэдзамрэ ящ гъуэ 12-рэ зытет кхъуейм махуитI тедгъэкIуэдащ», - жиIащ бзыльхугъэм.

ЕхъулIэныгъэм и щхэр

ЗэпеIэм хэтхэм я нэхъ Iэзэхэр кьыхэзыхыр Iуэхум кууэ хэзыщIыкI жюрирт. Псори зэпалъытырт: кхъуей зэрагъэхьэзырри, абыкIэ екIуу щIыхуэр зэрагъэхьэщIэфри.

Иджы ильэс етIуанэ хуэдиз бжьыпэр зыми Iэщ Iагъэкlыфакъым Тэхъутэмыкъуей куейм щыщ Чикъуэ Iэминат.

Дэ тхуэдэ дэтхэнэ унагъэми иIэжщ кхъуей зэрыхах Iэмал щхьэхуэ, - кьыджиIащ Iэминат. - Нэхъыщхьэр умылIэщIэныгъ. ЩыIэщ, зы сыкъэт ныкъуэм кьрифыбзэу кхъуейф хэзыхьну хуейхэр. Ауэ ар щхьэгъэпщIэжщ. Зэгуэр си анэми си анэшхуэми зэрэщIу щытам хуэдэу, сэ шэр зы сыхьэтрэ ныкъуэкIэ сегугъуу зэхьэзощIэ. Тыншкъым, дауи. Ауэ кхъуейр щхьэ, Iэфl икIи хуэжь дыдэ мэхъу.

ЖьIтIэнщи, иджы япэ дыдэу текIуахэм хабжащ щIыхуэр - Егъурзуей къуажэм щыщ Псэбыдэ Аслъэнбэч. Псоми тельыджэ кIыхьуащ абы дзэлым кхъэщIыкIа кумбыгъэхэмкIэ кхъуей зэригъэзэрар. Мы Iэщ Iагъэм хуэзыгъэсар и анэрэщ. Иджы абы хехьеф кхъуей зэмылIэужьыгъуэхэр.

Дэтхэнэ пщIантIэми уи нэгу зыщIиужьырт. Абыхэм кьадзIуэкIырт макъамэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Гиагин куейм и пщIантIэм пэшищ хьу унэ дащIыхьат: япэр адыгэ щэнхабзэм, етIуанэр къэзакъэм ейм хухахат, ещанэр хьэщIэщт.

Зэпеуэм щытекIуащ Адыгейск и пщIантIэр. Мыбы хьэщIэхэр кхъуей Iофl дыдэ щыщдзэзэкъа къудейкъым, атIэ кьалэ музейм къыщIаша хьэпшыпхэр щагъэльэгъуащ.

Пщыхьэщхьэм щIыпIэм концерт тельыджэ щатащ.

БОНДАРЕНКЭ Ольга.
«Российская газета».

Зыри имыуасэ гъащIэ

● Терроризм

Иужь зэманым Интернетым псори ихьэф хъуащ. Терроризмэм и бий льэпкъ комитетым кьытхэсым этенщIыхьмэ, щIыхуэхэр щIэпхьаджагъэхэм хуэзыщий сайту (урыс-сыбгъкIэ гъуэгу) абы минитхэм щIыпку ящI. Абыхэм кьыщIэт псальэмакъэр ашхуэдизкIэ тельыджэщи, языныкъуэхэм деж кьыщIохъу зи гугъу ящIыр иэгъэущI дунейуэ. ЩIхьэтечу жьытIэщи, щытопсэльыхь хэт сыт щхьэкIэ укIын хуейми, Урысейм и щIыналъэхэм щыщхуэ «Кавказ Эмиратым» иубыдыпхъэр сыт хуэдэхэрами.

АХЭР зи Iэдакъэщ Iэкlхэр дедэ, хьэмэрэ губзыгъэ? Зэуэ унгу кьагъэкIыж франдзкъ тхакIуэ Булль Пьер и романым кьытращIыкIыну 2001 гъэм ягъэува «Номинхэм я планет» фантаст фильмыр. Абы астронавтыр кьыщохутэ цIыхухэр ирадуныну номинышхуэхэм - гориллэхэм - бжьыпэр щаубыда планетэм. ЗэрыгурыIуэгъэщи, абы хабзэри бзыпхъэри кьызэрагъэдэкIат и щхьэр ищIатыжу.

Апхуэдэ гуэрхэр кьыщоху Кавказ Индхьэрэм и щIыпIэхэу (нэхьыбзу мэхъэм) вахабитхэм абгъуэ щащIах. «Джихад» идеологием хэзымыщIыкI цIыхуу ваххабитхэм кьахэхутам ахэр кьаэрыщIыхьуну номин льыифэм гъуэ яхуэхъуауэ.

Пэжщ, псори цIыхуэхэм я IуэхущIафхэм ещхьщ: щIыунэ кьатIащ, мафIэ ягъабIэ, щыгъынэ ящыгъщ, хьэкъущыкъу гуэрхэр зэрахьэ. ЗдкIэ-щэ?..

Абыхэм я зэхэтыкIэр кьэдгъэлъэгъэнщ Дагъыстэным щекIуэкIкмкIэ. Ауэ кьыхэдгъэщынщ апхуэдэ щытыкIэ Кавказ Ищхьэрэм и щIыпIэ ныдэдэ дэтхэнэми зэрыщыпIагъэнур.

ЩIыгъуаэз фыхуэтщIынщ. Ад-Дагестани Тальхэ Iэбгу щэ-унэцIэр зыфIэщIащ Губденкэ Салихь (инэжьыпIэкIэ Даудов Иброхьимхъалий) и унагъэм теухуауэ кьыдгурыIуэгъэхэм.

Япэ щыкIэ фигу кьэдгъэкIыжынщ ар зищIысу щытар. Сыт «щIыщытар?» ЩхьэусыгъуэР кьыззэрыгуэкIщ: лажьэ зимыIэ цIыхуипщIхэр зыIэщIэкIуэда а хьэкIэкхъуэкIэр хабзэхъумэхэм 2012 гъэм и мазаем щаукIащ Дагъыстэным и Карабудахкент куейм щыщ Гурбуки кьуажэм щекIуэкIа зэхэуэм.

2008 гъэм ильэс 48-рэ и ныбжьу Даудовыр и кьунщыр и гъусэу дэкIащ щалъхуа Губден кьуажэм. Зи акьылым икIауэ мэзхэмрэ кьуршхэмрэ кьыщIысыщыцIыхь бзаджащэжхэм яхьихащ. Щыгугъырт джидхад гъуэгум и бынхэр фIым хуиIэну. АрщхьэкIэ псори нэгъэщIыу кьыщIидзащ: и кьуэхэм ящыщу зыр - Даудов Магомет - кьаруэхьэхэм 2009 гъэм и гъэмахуэм Дагъыстэным щаукIащ, адрейр - Магомедшапи - 2010 гъэм и гъатхэм дунейм ирагъэхьажащ, ещанэр - илъэс 21-рэ си ныбжь Магомедхьэбиб - апхуэдэ дыдэу хэкIуэдащ 2012 гъэм и гъатхэм.

Дагъыстэн бандэ гупхэм я Iэтащхьэ Багабов Магомедалий 2010 гъэм и щыщхьэIуэм яуклIа нужь, абы и пIэ нуваш Даудовым ихьыжьащ. Ар къэрал пхэм Iейкlэ щIрыIуэ щыхьуащ террорист щIэпхъаджагъэ иригъэлэжьын папщIэ езым и щхьэгъусэ Даудовэ Завжат и щыпхъу Суюновэ Зейнэби щIыгъуу 2011 гъэм и илъэсищIэм Москва зэригъэкIуамкIэ. ЩIемыгъужьын папщIэ нужьрейм кьытрахат и сабинтIыр. ТIуми зауклIыжьыл хуейт.

Арщхьэкlэ я мурадыр кьайхьулIакъым: щIэпхьаджагъэм зыщыкхуигъэхьэзырым, Даудовым и фызым лагъымыр кьыщIэщIэуащ Москва пэгъэнэгъу Кузьминки дэт спорт комплексым и зы пэшым.

Мы Москвэ унагъуэ хьэдгъэзудахэм и гугъу кьыхтхуещI Ад-Дагестани Тальхэ Iэбгу. ТхыгъэР зейм зеумысыж езыр 2011 гъэм и мэлыжьхьым «мэзым» кьызэрыщIэхутамкIэ. Мис абы игу кьигъэкIыжхэм ящыщхэр: «Абы щыгъуэм джихадым кьыдзкIуэу дыдихьэхырт мэзым дыззэрыщIэсунэм хэпь щIэщIуэгъаеIыми». Арщхьэкlэ я гукъыдэжыр яфIэкIуэдащ етIуанэ махуэм: «КIыфIым дыхэту мэзхэмрэ бгыхэмрэ дыздыпхырыкIым, банэхэм дызэхауIуэхьауэ, тщыгъ псори кьанэ щымыIэу псыф хьауэ дыздэкIуэм, дыщIегъуэжакIэ?». ИтIанэ тхыгъэр зи Iэдакъэщ Iэмэ-ди кьытхуеIуэтэж гъэзгуанэм и кIэухым зыIууар: абыхэм кьапэплъэрт «моджахед» 28-рэ зыщыпсэу щIыунэр.

Фи нэгу кьыщIэвгъэхьэт мыр: кьуэщIауэ зыхьмыгъэкъэбза, зи щыгъынхэри зэзымыхъуэкIа цIыхуэхьу 28-рэ мазэ зыбжанэ хьуауэ щопсэу электрокъаруи, зи гъуэщI тынщыгъуэ гуэри здэщымыIэ щIыунэм щопсэу. Ари сыт хуэдэ псэупIэ?

Дэтхэнэ зы «мэзыIым» метр зэбгъуэнатIэу тIу кьыхуэзэу тедвгъэухуи, щIыупэр метр зэбгъуэзнатIэ 56-рэ нэхъ мащIэу щыт хъунукъым. Арщхьэкlэ сэлэт бел цIыкIуэхэмрэ джьидзэмкIэ апхуэдэ «унэуардэ» пхуэхуэхунукъым. Абы кьоKI зэщIэкIа иKIи бамэ зыщыу цIыхухьу 28-р куэдкIэ нэхъ псэупIэ щIыкъым щIэсауэ. Уцыпсэуныр кьыдогъанэри, дауэ абы узэрыщыжеинур?

Арщхьэкlэ ахэр есащ апхуэдэ щытыкIэми. Абыхэм кьафIэIуэжьркъым кьэзыухъуреихь дунейр.

Мис апхуэдэу ильэспIкIэ псэуащ Даудов Иброхьимхъалил. Жьилагъуэм пэIащIэу, электроуэздыгъэ имылъагъуу. Апхуэдэ псэукIэм цIыхур хьэкIэжхъуэкIэм ещхь ещI.

ГущIэгъуэи зыхэмыль, и щхьэми щымысхьыж «моджахедыр» апхуэдэущ кьызэрызэфIэуэзэр.

Бандитхэм япэщIэт къарузэхьэхэм ящыщ дэтхэнэми щIэр сыт зэхуэу нэужьхэм? Зегъэпсэху, телевизор йопль, топ мэджэгу, я Iыхьлъэм йопсалъэ.

СыткI атIэ «моджахедхэм» я нэгу зэрызрагъэужьыр? Даудовым и щапхьэкIэ ар дэ кьытхуеIуатэ тхыгъэр зейм: «Сэ ар щIыуэнэм щыслъэгъурт, зэпымыуэу КъурIэн ещхьу е нэмэз ящIу».

Мис апхуэдэ щIыкIэкIэ диныр нэхъуеиншэу зи фIэщ хъур хьэкIэкхъуэкIэ хьэлым хуокIуэ. Ар щIыхууи убжьыж хьэнукъым икIи абы сытри ищIыкIыну. Даудовым КъурIэныи и зы Iят жьуэжьэр зэпытт: «Я щхьэхэр, я Iэпхъуамбэхэр пывупщI».

Мис а кхьыхьеджьынэм щIоувэ мэзылI жьакIащхэр. Даудов - нэхьыжьым жиIэрт: «Сэ сыт щыгъуи сыщIэхъуэпсэщ си кьунщи шахьыд хьууэ сэри абыхэм я льэужьыр схуныМ».

Абы кьыгурыIуэхакъым «шахьид» псалъэм кьикIыр. «Шахьидыр» - Алыхьым фIэкIа нэгъуэщ Тхьэ зэрыщIэр, Мухьэмэдыр - абы зэрилIыкIуэр нэгъуэщIхэм хьэкъ ящиущIыным зи гъащIэр щIэзытаращ. Апхуэдэ щыхьэтэу къуэмыфынукъым щIыхуэхэр автоматхэмкIэ зэтезыкIэ террористхэр. Уэ къыщIэхъуа уи бынхэм апхуэдэ ажалкIэ уахуэпсэфыну? Абы папщIэ уи акъылым уикIауэ щытыт хуейщ.

Тальхэ Iэбу а упщIэм жэуап ирет: «Исламым пэжыжьэ щIыхуэхэм зэи кьагурыIуэнукъым цIыхур апхуэдизу хьиIм икIыныр кьызыхкIыр. Абыхэм я щхьэ кьитIэсэнукъым и мылкур зыщэжа адэр и кьунщыр и гъусэу, джихадым и гъуэгум теувэныр, и фызыр Москва кьимыгъэзэжыну игъэкIуэныр кьызыхэкI щхьэусыгъуэр Кьуэм и анэм и бгым щIепхэ лагъым. А щIыхубыми и лIымрэ и кьуэмрэ мыихъуэу сэлам кьарехьыж: «Фэри куэдрэ зыщIымы-Iэжьэ мы дунейм. ФыкьыслъэщIыхьэж».

Апхуэдэ номин гупсысэкIэм дэ десахьым, ар пэжщ. Дэ дызэсар анэхэм тыгъэ яхуэзщIыныр, ди кьэшнэхэм удэ гъэгъахэмрэ дыщэ Iэлыынхэмрэ еттынырщ.

МэзыIыхэм я гупсысэкIэр щапхъэу кьэтхьынти: «Ди щыпхъу Ибрагимовэ Iэминат, Iэбу Бакрэ и фызыр, куэд щIауэ хуейт и пэр итыну. Ар лъыщIэж Iуэхукъым: джауритху эгриукIа лагъымыр зыкIэрыщIа бгырыпхыр езы цIыхубзым и лърIэ тыгъэ кьыкуэзыащIар и лIыр».

Хьэрпым и щIыб дыкьыщыхутауэ ара? Сайтхэм мыпхуэдэ упщIи ущрохьэлIэ: «И щхьэгъусэр щэхыдиу кьыщIэкIэрэ и фызыр етIуанэ лIы дэкIуэжамэ, хэт щIыхубзыр жэнэтым зыщIигъусэнур - япэра хьэмэрэ иужьрейра?»

Дагъыстэным хьихьэ Буйнакск куейм щыIэ Чиркей кьуажэм 2012 гъэм щыщхьэIуэм и 28-м шейх Афанди Саидрэ абы и дежкIуа цIыхуэ 6-мрэ щызыкIа (езым и гъащIэри ихьащ кьигъэуа лагъымым) Курбановэ Iэминат и дежкIэ а упщIэм мыхьэнэшхуэ иIэщ - абы япэу и щхьэгъусэу щыта ваххабитыр полицейхэм яукIа нужь, езыр «фызабэ фIыщIэхэм» кьахэхуагъ. Арати, щIэрыщIэу дэкIуэжащ мызэу. АтIэ хэт ар жэнэтым зыщигъусэнур?

Илъэс тIощI хуэдиз и пэкIэ Саид Хьэрыщым кьытхураха акъылыншэ гупсысэкIэм дытемыхьауэ пIэр? ДIэщIыкIуэкIэр кьыддекIуэкI ислъам кьабзэр хэдмыгугъу пIэр?

«Кавказ Имарат» зэгуэхьныгъэр «Номинхэм я дунейкIэ» зэтхъуэкIыну игъуэ мыхьауэ пIэр? Номинхэм, зэрыгурыIуэгъуэщи, цIыхум кьыдекIуэкI льапIэныгъэ гуэри яхьлъыкъым.

ХАЛИДОВ Висхан.

● Партхэр

Ер вы бжьакъуэм къокI

«Коммунист нэсхэм» КПРФ-м и унафэщIхэр ягъэкъуэншащ дзиным зэрыкьыдагъэкъыжьыжьыр, олигархэм зэракъуэувамкIэ.

КЪЭРАЛ Думэм и депутату щытахэу Лигачев Егор (КПСС-м и ЦК-м и Политбюром хэтащ, хуабжьу цIыхуIуэ хъуа «Борис, уэ узахуэхьым!» жезыIаращ), Юрчик Владислав, Никитин Валентин, Олейник Любовь, Гудимэ Татьянэ сымэ, КПРФ-м хэт нэгъуэщIхэми Зюганов Геннадий письмо хуатхащ ар и кьулыкъум текIыну хуагъэуву. Партым и идкьырей Iэтащхьэр зрагъэкъуэншащ ешьмыгъэзэжхэм я зэщIэхьеенигъэм жьджэру зэрыхэмятамкIэ.

«Хэхьныгъэхэм яужькIэ цIыху мин куэд хэту екIуэкIа пэкIуэхэм кьагъэлъэгъуащ жылагъуэр щыIэ щытыкIэмкIэ хуабжьу зэрымыарэзыр, - кьыщыгъэлъэгъуащ тхыгъэм. - Ди жагъуэ зэрыхъуащи, КПРФ-ми коммунист щхьэхуэхэми а мыарэзыныгъэр даIуГъыфакъым...»

Ар и Iэужьу кьатыпт партыр коммунист хабзэхэм кьызэрытекIам. Абы кьыхэкIыу коммунист кьызэрыгуэкIэхэм хуагъэфащэ оппортунизмэмрэ кьэралым бжьыпэр щызыIыгъ буржуй хабзэм зыдегъэкIунымрэ КПРФ-м бжьыпэр щаубыдауэ. КПРФ-м и щIэкIэ депутату хах цIыху кьулей дыдэхэр, рабочэхэмрэ мэкъумэшыщIэхэмрэ кьахэкIэхэр нэхъ мащIэ хьу зэпытщ. Зюгановым и гугъу кьагъэкIыжащ диным дихьэхащэу члисхэм зэрыкIэрри.

КПРФ-м псынщIэу жэуап кьыщратащ тхыгъэм.

КПРФ-м и Кьэпщытакlуэревизие комиссэ нэхъыщIхьэм и унафэщI Никитин Владимир писмор зытхахэр игъэкъэншащ Iэщщ Iыгъуэ куэдкIэ гъащIэм кьызэрыкIуэдкIэ гъащIэм кьызэрыкIуэдкIэ гъэзэжьыгъуэ зыщIыгъуэ, партым и Iуэхум хэмыжьу зыкIигъэльагъуэмэ!

ГРИШИН Александр.
«Комсомольская правда».

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

ЕхъулIэныгъэ ин

Ди къэралым и щIыпIэ зыкъомым щекIуэкIа хэхьныгъэхэм ехьулIэныгъэ ин кьыщихьащ «Урысей эскъуэт» партым.

АБы и цIыкIэ губернатору кьагъэльэгъуа псори защIэу ятекIуащ я ныкъуэкъуэгъуэхэм. Хабзэгъэуэ зэхуэсхэм щаIа ефIэныгъэхэр нэхъ иныжщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, Краснодар крайм «Урысей эскъуэтым» мандатиI 100-м щыщу 96-р щаэрыхьащ. Адрей пIлыр зыбыгъуэ КПРФ-рщ, Зи гугъу тщIы партым Пенэзэ областым мандат 34-рэ (тIур КПРФ-м кьихьащ), Саратов областым мандат 44-рэ (КПРФ-м Iэрыхьар зыщ) кьащIылъысащ. А щIыналъэхэм «УЗ»-мрэ коммунистхэмрэ фIэкIа хэхьныгъэхэм ауэ жыжьэуи зыри щыпхъыкIыфакъым.

«Урысей эскъуэтым» щэч кьызыгъуфыкъэну текIуныгъэ кьыщихьащ Удмуртиемрэ Сахалинрэ. Осетие ИщхьэрэмщытыкIэр зы мащIэкIэ щыIэнэ хуейщ. Сахалин, Удмуртиемэ, Осетие ИщхьэрэмпарламентымщыпхрыкIащ. Ар зыщIэлъ парламентым хэтыгъэ зыщIыгъуэр, Апхуэдизкъым щIыкIэр зы мащIэкIэ щыпхъэзыщIэу щхьэ щIыкIэ щыIэнэ хуейщ. Ар унафэщI партым мандат 33-рэ, «Урысейм и хэкуэгъэхэм» -13, коммунистхэмрэ эсерхэмрэ пIлыр-рыпIэ щаIыкIащ. Пэжщ, кьыщIэлъ парламентым апхуэдизу щыIэ зы-кьуэтымрэ» патриотхэмрэ Парламентым зэкьуэту щыIэзэлъэжьэну пасэу зэрызэгурыIуар. Абы кьыхэкIыу, властым мыбдежи оппозицэр ауэ жьыжьэуи щыщIыкIыфащ.

Хэхьныгъэхэм кьрикIуахэр апхуэдэу щхьэ кьыщIэжьа? Дэ нэхъ пасэу хуэдгъэфIэщ Iэзыгъэтынхэм я бжьыгъэр мащIэ дыдэу щытыну. Арат ятекIуар зыщыгугъуар. Апхуэдизу кьыщIэжьащ. ЩIыналъэу ям щекIуэкIа хабзэгъэуэ хэхьныгъэхэм екIуэлIар процент 19,5-м кьыщыщIэдзауэ 35-м щIигъуркъым. Арщхьэкlэ, жьыджэру Iэ яIэтащ кьыльыщIэжьм. Властыр зыщIэлъ парламентым апхуэдизу щыгъэкъуэн хуэхьуащ Медведевым иригъэкIыкIа партэ реформэрри: нэхьапэм мыарэзыныр кьэуа партихым я пIэкIэ, иджы щыIэр парт 23-рэ хьуащ.

«Оппозицэм и Iуэхур щыдэмыкIым и зы щхьэусыгъуэщ цIыхуэхэм политикэр кьызэрырамыдзэжьыр, - жиIащ «Петербург политик» фондым и Iэтащхьэ Винокуров Михаил. - ЩIалэгъуэлъэр ужьыхьжащ. Кьалэщхуэхэм щыпсэуэхэр властым тохъуцIыхьэ, арщхьэкlэ оппозицэм ар кьыхэзрягъэсэбэпыну Iэмал иджыри кьигупсысыфащ. ЩхьэхитеIу жьыпIэмэ, хэхьныгъэхэм хэт партхэм я бжьыгъэр нэхъыбэ щIри, мыарэзыхэр зэкIэщIагъэкIащ.

ЗУБОВ Михаил.
«Московский комсомолец».

Дунейм цIэрыIуэ щыхъуну стадионхэр

2018 гъэм ди къэралым футболымкIэ щекIуэкIыну дунейпсо чемпионатым папщIэ Урысейм ухуэныгъэ инхэр щрагъэкIуэкIын хуейщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, 2017 гъэм ирихьэлIэу УФ-м и кьалэ 11-м щаухэн хуейщ нэхъапэм димыIа стадион зэпэщ дыдэхэр. Мис абыхэм я теплъэу щытыныхэр: Москва и «Лужники» стадионым щыщ мин 84-рэ 745-рэ иохуэ, ар мыпхуэдэ теплъэ иIэу ирагъэфIэкIынущ (сурэт №1); Санкт-Петербург и «Зенит-Арена» стадионыр 2014 гъэм ягъэхьэзырынущ, щыху мин 69-рэ 501-рэ ихуэнущ (сурэт №2); Новгород Ищхьэрэ кьыщIэзыIуахынущ стадионым идкьыри цIэ фIащакъым. Щыху 44899-м тещIыхьа стадионыр кьыщIэзыIуахынщ 2017 гъэрщ (сурэт№ 3); Калининград и стадионми зэкIэ цIэ фIащакъым. Щыху 45015-рэ ихуэнущ, ари кьыщIэзыIуахынщ 2017 гъэрщ (сурэт №4); Дон Iус Ростов и стадион «Левердон-Арена» стадионыр хьэзыр хъунущ 2016 гъэм. Абы зэуэ щыху 43702-м гукъыдэж щагъэутынущ (сурэт №5); Сочэ и Олимп» стадионым ихуэнущ щыху 45659-рэ. Ар ещанэгъэ кьыззэIуахынущ (сурэт №6); Волгоград и «Победа» стадионыр иджырей пщалъэхэм езэгъыу ягъэхьэзырынущ 2017 гъэм. Абы ихуэнущ щыху мин 45-рэ 15-рэ (сурэт №7); Саранск и «Юбилейный» стадионыр хьэзыр ящIын и гугъэщ 2013 - 2015 гъэхэм. Абы я нэгу зыщIрагъэужьынущ щыху мин 45-м (сурэт №8).